# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्र आजु उन्यासिवां स्वतंत्रता दिवस देसभक्ति के भावना के साथे उछाह के माहौल में मना रहल हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु भिन्ही ऐतिहासिक लाल किला के प्राचीर से राष्ट्रध्वज फहरवले अउर देस के संबोधित कइलें। उहां के कहलीं कि आजादी क ई परब एक सौ चालीस करोड़ लोगिन के संकल्प अउर सामूहिक सिद्धि क परब हवे–

***एक सौ चालीस करोड़ देशवासी आज तिरंगे के रंग में रंगे हैं। हर घर तिरंगा है भारत के हर कोने से चाहे रेगिस्तान हो या हिमालय की चोटियां, समुन्द्र के तट हो या घनी आबादी वाले क्षेत्र हर तरफ से एक ही गूंज है एक ही जयकारा है हमारी प्राण से भी प्यारी मातृभूमि का जयगान है।***

प्रधानमंत्री ऑपरेशन सिंदूर के जांबाज सैनिकन के नमन कइलें। उहां के कहलीं कि ऑपरेशन सिंदूर देश के सशस्त्र बलन के साहस अउर  शौर्य क सशक्त साक्ष्य हवे।

***22 तारीख के बाद हमने हमारी सेना को खुली छूट दे दी। रणनीति वो तय करें, लक्ष्य वो तय करें, समय भी वो चुने और हमारी सेना ने वो करके दिखाया, जो कई दशकों तक कभी हुआ नहीं। सैकड़ो किलोमीटर दुश्मन की धरती पर घुस करके आतंकी हेडक्वार्टस को मिट्टी में मिला दिया।***

प्रधानमंत्री कहले कि भारत अब फैसिला कइ लिहले हवे कि लहू अउर पानी एक्के साथे नाही बही। उहां के कहलीं कि भारत दुस्मन के करारा जबाब देवे खातिर सशक्त हथियार प्रणाली– सुदर्शन चक्र मिशन सुरू करी। प्रधानमंत्री आत्मनिर्भर भारत के विकसित भारत क आधार स्तंभ बतवलें। उहां के रक्षा, प्रौद्योगिकी, ऊर्जा, अंतरिक्ष अउर विनिर्माण क्षेत्रन में देस के प्रगति क जिकिर कइलीं।

श्री मोदी एक लाख करोड़ रूपिया से प्रमुख रोजगार योजना सुरू कइले क घोसणा कइलें। उहां के कहली कि प्रधानमंत्री विकसित भारत रोजगार नाव क ई योजना पनरहे अगस्त के लागू हो रहल हवे। ई योजना के तहत निजी क्षेत्र मे पहली नोकरी पावे वाले नवजवानन के पनरह हजार रूपिया सरकार की ओरि से दिहल जाई। प्रधानमंत्री कहले कि आवे वाले दिवाली ले नेक्स्ट जेनरेशन जीएसटी सुधार सुरू कइल जाई –

***पिछले 8 साल से हमने जीएसटी का बहुत बड़ा रिफॉर्म किया, पूरे देश में टैक्स के बर्डन को कम किया, समय की मांग है, कि हम एक बार इसको रिव्यू करें, हमने हाई पावर कमेटी को बिठाकर के रिव्यू शुरू  किया, राज्यों से भी विचार विमर्श किया। हम नेक्स्ट जनरेशन जीएसटी रिफॉर्म्स लेकर के आ रहे हैं, ये दिवाली के अंदर आपके लिए तोहफा बन जाएंगे।***

ओहर, प्रदेस में स्वतंत्रता दिवस क मुख्य समारोह विधान भवन के सामने आयोजित कइल गइल, जहवां मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ध्वजारोहण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सुनियोजित कोसिस क परिणाम हौ कि आजु भारत दुनिया क चउथा बड़हन अर्थव्यवस्था बनि गइल हवे। भारत के स्वदेशी मॉडल पर अब दुनिया के भरोसा हो चलल बा–

***सुनियोजित प्रयास और टीमवर्क का परिणाम है कि आज भारत दुनिया के चौथी बड़ी अर्थव्यवस्था बना है। आज भारत के पास सामर्थ्य है। इस ताकत को अभी ऑपरेशन सिंदूर के माध्यम से दुश्मनों ने महसूस किया है। जब लखनऊ में बनी हुई ब्रह्मोस मिसाइल दुश्मन के घर में घुसकर के  उसके अड्डो को तहस–नहस करती है तो उसे भारत के स्वदेशी मॉडल पर उसको भी अब विश्वास हो चला है।***

प्रदेस के अउरियो सज्जों जिलन में प्रमुख सरकारी कार्यालयन अउर प्रतिष्ठानन पर आजु ध्वजारोहण कइल गइल। आकाशवाणी के गोरखपुर केन्द्र में महापौर डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव ध्वजारोहण कइलें। येह मौका पर निदेशक राहुल सिंह के अलावा बिहार सूचना आयोग क सचिव संदीप अग्निहोत्री मौजूद रहलें।  निदेशक बतवले कि बरिस दुइ हजार सैंतालिस ले विकसित भारत के सरकार के  दृष्टिकोण के हिसाबि से येह बरिस स्वतंत्रता दिवस समारोह क विषय **नया भारत** हवे।

**********

जन्माष्टमी क परब बिहने प्रदेसभर में श्रद्धा–भक्ति अउर उछाह के माहौल में मनावल जाई। मथुरा में श्रीकृष्ण जन्मोत्सव के भव्य अउर दिव्य बनावे खातिर  जोर–शोर से तैयारी चलि रहल बा। ओहां के श्रीकृष्ण जन्मस्थान सेवा संस्थान क सदस्य गोपेश्वर चतुर्वेदी बतवले कि येह बेरि ऑपरेशन सिंदूर के ध्यान में रक्खत जन्मोत्सव कार्यक्रम के राष्ट्रभक्ति से जोड़ल जा रहल हौ। जन्मस्थान पर ऑपरेशन सिंदूर क आकर्षक कटआउट लगावल जा रहल बा। जन्माष्टमी परब पर होखे वाली पूजा क सजीव प्रसारण क इतिजामों कइल जा रहल हवे, जेह से ढेरि से ढेरि सरधालु ओके देख सकें । मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर के गुरू गोरखनाथ मंदिर में जन्माष्टमी मनइहें। उहां के आधी रात के जन्माष्टमी पूजन के बादे श्रीकृष्ण के बाल स्वरूप के पालना में झुलइहें।

**********